



**Orange Township
Public Schools**
Orange Preparatory Academy
Mr. Dana Gaines, Direktè



Laura W. Sacks, RN, BA, BSN, MA
Enfimyè Lekòl la

Gerald Fitzhugh, II, Ed.D.
Sipèntandan Lekòl yo

MEMORANDÒM

Dat: 14 Mas 2020

Re: Mesaj enpòtan pou tan sa a

Chè Fanmi,

Mwen te vle reyitè sa ke mwen te pataje avèk pifò elèv nou yo nan Orange Prep Vandredi 13 Mas la. Mwen kominike yon mesaj ki ensiste sou "jantiyès." Malgre ke nan moman an, nou pa't konnen ke nou ta dwe lakay pou omwen pou de semèn, mwen te vle ke elèv yo dwe prepare yo. Mwen konstate ke nou tout nou ansanm nan menm sitiyasyon an. Nou dwe la pou chak lòt, sipòte youn ak lòt, epi, espesyalman, se pou nou janti youn ak lòt.

Anpil elèv pral an kontak ak zanmi atravè medya sosyal yo. Nou dwe ankouraje yo pataje jantiyès ak zanmi yo sou medya sosyal yo. Sa a se yon tan difisil, men se se pa yon tan pou fè dram. Depi nou tout ap fè fas ak sitiyasyon sa a, li pi bon pou nou "mete tèt ansanm" epi montre nou emab/janti youn ak lòt. Nou ap fè fas ak defi sa a kòm yon kominote lekòl, kòm yon pati nan lokal kominote Orange lan, osi byen ke sou yon pi gwo nivo - eta a, peyi a, ak lemond antye.

Nan lide pou nou minimize posibilite pou trape viris la, n'ap raple w ankò sijesyon sa yo ke nou te deja pataje avèk ou: lave men ou pou omwen 20 segonn chak fwa, respekte distans sosyal ak zanmi, epi dòmi byen san enteripsyon, manje bon manje ki bay lasante, rete lakay ou si ou pa santi w si pa genyen nesosite pou soti, pa manyen figi ou - espesyalman je ou, nen ou ak bouch ou, epi fè egzèsis chak jou. Si li posib, pou ale deyò nan yon anviwònman ki ouvri, men ki pa genyen anpil moun, sa tap trè benefik.

Mwen te ankouraje elèv yo pou yo eseye kenbe yon orè - reveye nan menm tan an chak jou, fè travay lekòl yo nan menm tan an, epi eseye manje nan menm tan an. Li reyèlman enpòtan pou kontinwite bon woutin nou yo ak konsistans otan ke posib. Konsa, sa ka ede elèv yo kenbe byennèt sosyal-emosyonèl ak fizik yo anfòm.

Mwen te ankouraje elèv yo te tou pou yo detann yo. Mwen te pataje kèk sijesyon avèk yo tankou koute mizik, ekri pwezi, fè desen, fè lekti, epi pale ak zanmi ak manm fanmi yo. Epi, finalman, si sa nesèsè, yo te konseye yo ki jan pou yo fè fas ak estrès aktyèl la. Yo te sijere yo tou kòman pou yo resevwa enfòmasyon sou sa k'ap pase ki soti nan bon sous ke nou ka fè konfyans tankou sou sit wèb CDC a (men li pa konseye videyo YouTube pou bon enfòmasyon).

Mwen espere ke nou swiv pi bon mezi pou kenbe youn ak lòt pwoteje, konsa, an retou, n'ap kapab minimize kantite moun ki ta ka pran viris la.

N'ap pase atravè sitiyasyon an, nan swiv tout sijesyon yo, e si nou respekte youn lòt epi aji avèk sans responsablite youn ak lòt, nou pral ranfòse kominote nou an. Epi, si nou aji avèk jantiyès, yon vèti ke mwen ensiste sou li, sa pral fè yon gwo diferans.

Tanpri rete an sekirite epi an bon sante.

Pran swen tèt ou,

Laura W. Sacks, RN, BA, BSN, MA
Enfimyè Lekòl la